



OTORIZATION POU BAY AK SÈVI AK ENFÒMASYON MEDIKAL

Mwen otorize fon finansman medikal Eta New York (Fon an) ak reprezantan, ajan, kontraktè, ak tout moun ki otorize, ki enkli Public Consulting Group, Inc (PCG), ak tout sa ke nou identifiye anba sa, pou yo sèvi e bay tout enfòmasyon medikal, ke nou pral dekri, konsènan: _____ (moun ki enskri a) pou nou kapab bay benefis ak pou gere ka li nan fon an. Mwen konprann ke enfòmasyon sou moun ki enskri a ke mwen otorize pou bay ak sèvi ke yo kabab resèvi ak yo an akòdans ak règleman otorizasyon sa a moun ki resevwa li.

Mwen spesifikman otorize (i) tout sa ki bay swen medikal, ki enkli men ki pa limite, doktè, enfimyè, asistan doktè, terapès okipasyonèl, terapès fizik, pwogram entèvansyon bone, psikològ, travayè lokal, moun ki tranvay nan nitrisyon, moun ki travay nan famasi, ak kiropaktè, ki lisansè selon Tit VIII Lwa Edikasyon Eta New York (oubyen ekivalan nan yon lò eta oubyen Distrik Comlumbia); (ii) lopital, lekòl, pwogram jaden d’anfan, ajans kominotè, pwogram Leta e/ou Federal ki te bay oubyen ki bay benefis a moun ki enskri a, ak (iii) konpayi kap peye yo, pou yo kapab kominike ak enfòmasyon sante ak medikal moun ki enskri an nenpòt jan yo bezwen, ki enkli kominikasyon ekri oubyen vèbal, ke mwen prezan, oubyen yo notifiye’m de kominikasyon sa, e mwen otorize –PCG-pou inisyè, patisipe, ak kondwi kominikasyon sa yo pou Fon an, ke mwen prezan oubyen ke yo ban mwen notis.

1. **Ki enfòmasyon ki kouvri anba otorizasyon sa?** Otorizasyon sa aplike a tout enfòmasyon medikal ak sante konsènan diaknostik, swen, ak tretman moun ki enskri a.

Enfòmasyon moun ki enskri ke nap bay la kabab genyen enfòmasyon medikal oubyen sante ke nou resevwa de lò sa ki bay swen medikal, ajans kominotè, konpayi edikasyon.

2. **Kiyès ki kapab bay ak resevwa enfòmasyon anba otorizasyon sa?** PCG kabay bay, san plis otorizasyon, tout enfòmasyon sante ak medikal de moun ki enskri a, a (i) tout sa ki bay swen sante ki lisansè anba Tit VIII Lwa Edikasyon Eta New York (oubyen ekivalan nan yon lòt eta oubyen Distrik Columbia), (ii) lopital, lekòl, pwogram jaden d’anfan, ajans kominotè, pwogram l’Eta e/ou Federal ki te bay oubyen ki bay benefis a moun ki enskri a (iii) Tout lò konpayi kap fè peman. Mwen otorize PCG pou li bay enfòmasyon medikal ak sante a lòt manb fanmi oubyen sa ki kabab oubyen ki oblije bay enfòmasyon moun ki enskri a tankou Dat Fèt, nimewo sosyal, etsetera kòm kondisyon pou bay yo.
3. **Pou konbyen tan otorizasyon sa valid?** Otorizasyon sa valid tout o tan ke moun nan anrejistre nan Fon an men pa pi ta ke dat ke moun ki anrejistre a vinn gen 18 an si li gen kapasite pou pran desizyon sante nan tan sa.
4. **Revokasyon otorizasyon sa.** O mwens ke lwa federal oubyen leta di, mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen revoke nenpòt si mwen notifiye Administratè Fon a, an ekri de revokasyon an, e l’ap effectif menm kote Administrasyon Fon an resevwa notifikasyon an. Mwen konprann



Medical Indemnity Fund

ke revokasyon Otorasyon an pap gen okenn efè sou aksyon ke Administrasyon Fon an pran anvan yo resevwa revokasyon an

5. **Pwosis reklamasyon.** Mwen konprann ke Otorizasyon sa nesèsè pou nou kabap fè reklamasyon. E mwen konprann ke si mwen pa siyen otorizasyon sa mwen kapab anpeche key o fè yon reklamasyon pou moun ki enskri a.
6. **Si ou refize siyen.** Mwen konprann ke sa ki bay swen medikal a moun ki enskri a pap kondisyon tretman, anrolman ak elijibilite si mwen refize siyen otorizasyon sa.

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen mande e resevwa yon kopi otorizasyon sa siyen. Yon fotocopi otorizasyon sa valid menm jan ak original la.

Siyati moun kap enskri a oubyen Repezantan li

Adrès moun kap enskri ak oubyen Repezantan li a

Adrès moun kap enskri a oubyen Repezantan li

Relasyon repezantan ak moun kap enskri a

Nimewo Sosyal moun kap enskri a

Date ou Siyen

Dat Fèt moun kap enskri a